

Haitian-Creole Edition

Pwogram Egzamen Eta Nouyòk NYSESLAT



Gid Pou Paran



Reyalizasyon Ekselans Nan Edikasyon

New York State English as a Second Language Achievement Test (NYSESLAT) - te kreye pou evalye konpetans angle tout moun k ap aprann angle ki enskri nan klas Matènèl jiska 12zyèm ane nan lekòl Eta Nouyòk yo. Tès la bay Eta a ak lekòl yo Enfòmasyon enpòtan sou devlopman lang angle pou moun k ap aprann angle, epi li fè pati konfòmite Eta a ak lwa federal ki egzije pou gen chak ane yon evalyasyon ak swivi sou konpetans nan lang angle pou moun k ap aprann angle yo.

Feyè sa a dekri NYSESLAT la ak kijan li mezire pwogrè moun k ap aprann angle yo. Nan feyè sa a, ou pral aprann ki sa ou ka fè pou ede pitit ou fè fas ak defi NYSESLAT la.

Yon Apèsi sou NYSESLAT la

NYSESLAT la te kreye pou mezire konpetans angle etidyan nou idantifye k ap aprann angle. Depatman an te devlope tès sa a nan yon patenarya ak Questar Assessment, Inc. (Questar), yon konpayi ki devlope tès, epi ak kolaborasyon pwofesè toupatou nan Eta a. Nou bay NYSESLAT nan chak ane bay tout moun k ap aprann angle nan klas depi nan klas Matènèl jiska 12zyèm ane. Nou pral itilize rezilta pitit ou a nan tès la pou detèmine si pou nou kite li nan kategori moun k ap aprann angle. Epi tou nou itilize rezilta tès la pou detèmine kantite soutyen li bezwen ak lang. An plis, nou pral itilize rezilta tès la ansanm ak sistèm responsabilite New York la.

Daprè rezilta tès la, nou pral klase konpetans pitit ou a swa nan debitan, entèmedyè, avanse, oswa konpetan. Nou dwe itilize klasifikasyon sa a pou bay etidyan an kantite ansèyman nan lang angle ki obligatwa sou Pati 154 Regleman Komisè Edikasyon an.

Pati 154 se lwa Eta a ki dekri kijan pwogram ak sèvis enstriksyon pou moun k ap aprann angle nan Eta New York yo dwe fèt.

Nou bay NYSESLAT la nan sis gwoup klas: Matènèl, 1–2, 3–4, 5–6, 7–8, ak 9–12 ane. Chak gwoup klas gen kat gwoup tès, ki evalye diferan konpetans nan lang: Pale, Koute, Lekti, ak Ekri Tès la gen kesyon ak plizyè chwa ak kesyon ouvè ki evalye kapasite etidyan an pou itilize angle akademik.

Yo bay etidyan yo tès pou Pale a poukont yo. Pandan tès Pale a, etidyan yo pale pou reponn kesyon yo. Se pwofesè Eta New York ki make repons pale etidyan yo.

Nou bay tès Koute, Lekti ak Ekri yo an gwoup. Etidyan yo reponn kesyon ki gen plizyè chwa yo oswa ekri repons yo pou kesyon ouvè yo. Se pwofesè Eta New York ki make tout repons kesyon ouvè etidyan yo.

Gwoup tès	Kesyon Plizyè Chwa	Kesyon Ouvè		
		Repons Ekri Kout	Repons Ekri Long	Repons Aloral
Pale				✓
Koute	✓			
Lekti	✓			
Ekriti	✓	✓	✓	

Kesyon Moun Poze Souvan

Poukisa nou genyen NYSESLAT la?

Lwa nan nivo Eta ak Federal egzije pou evalye tout moun k ap aprann angle kòmanse nan klas matènèl jiska 12zyèm ane chak ane pou mezire konpetans yo an angle nan pale, koute, lekti, ak ekri pou evalye ak swiv pwogrè yo chak ane pou yo vin konpetan an angle.

NYSESLAT nan ede lekòl yo detèmine ki nòm ansèyman yo dwe konsantre sou yo pou rasire yo moun k ap aprann anglè nan lekòl yo a aprann tout angle yo bezwen pou prepare yo pou reyisi nan klas yo.



Kilè yo pral bay tès la?

Y ap bay etidyan yo NYSESLAT la nan sezon prentan chak ane.

Kiyès ki pral make tès yo?

Se yon machin ki pral make tès plizyè chwa NYSESLAT la. Kesyon sou tè Pale a ak yon pati nan tès Ekri a se pwofesè Eta New York ki resevwa fòmasyon espesyal sou jan pou make repons aloral ak ekri etidyan ki make yo.

Pou kisa yo itilize rezilta NYSESLAT yo?

Rezilta tès yo bay etidyan, pwofesè, ak paran yo yon rapò objektif sou chak fòs ak feblès etidyan nan kapasite pale, koute, lekti ak ekri nan lang angle a.

Rezilta yo pral ede detèmine si etidyan yo ap fè ase pwogrè nan aprantisaj yo pou yo ka vin konpetan an angle. Epi tou rezilta yo pral ede lekòl yo konsantre sou fason pou amelyore ansèyman yo pou moun k ap aprann angle yo ka vin konpetan an angle.

Èske gen akomodasyon pou etidyan ki andikape?

Gen akomodasyon pou etidyan dapre bezwen yo an patikilye. Pandan tès la, gen akomodasyon pou etidyan ki andikape. Akomodasyon sa yo se Committee on Special Education ki rekòmande yo epi yo espesifye nan Individualized Education Program (IEP), chak etidyan, oswa nan Seksyon 504 Accommodation Plan (504 Plan) pa li a.

Nou pa pèmèt sèten akomodasyon tè pou kèk seksyon nan tès yo paske akomodasyon sa yo t ap chanje sa tès la ap mezire. Pa egzanp, li pati Lekti tès la pou yon etidyan, ki ta sipoze ap mezire kapasite etidyan an pou li, pa yon akomodasyon tès nou pèmèt. Nou pa pèmèt akomodasyon tès sou NYSESLAT la pou etidyan nou pa idantifye ki genyen andikap.

Kijan Ou Kapab Ede

Ou ka jwe yon wòl enpòtan nan ede pitit ou pou travay byen lekòl ak prepare pou tès sa yo.

Men kèk bagay ou kapab fè:

✓ **Pale ak pwofesè pitit ou a.**

Lè ou gen yon relasyon ak pwofesè pitit ou a se yon bèl fason pou ou konnen kijan pitit ou a ap travay lekòl. Lè patisipe nan konferans ant paran ak pwofesè ak nan aktivite lekòl la se bon fason pou kenbe komunikasyon regilye ak pwofesè pitit ou a.

✓ **Bay pitit ou a soutyen pandan tout ane a.**

Fè tout sa ou konnen pou pitit ou a ale lekòl pre pou li aprann, ale lekòl regilyèman, epi fè tout devwa li. Mande pitit ou a sou kijan li ap travay lekòl epi fè li anpil konpliman.

✓ **Montre yon bèl atitid parapò ak tès yo.**

Fè pitit ou konnen ou kwè nan kapasite li. Eksplike li kijan kèk nan kesyon tès yo ka difisil epi sa pa fè anyen si lòt etidyan yo fini bonè. Di pitit ou se pa yon pwoblèm li mèt kontinye ak rit pa li.

✓ **Pa pibyen prepare pitit ou a fizikman nan jou tès yo.**

Lè yon etidyan ap pran yon tès fòk li konsantre, sa vle di pitit ou a dwe dòmi byen nan nwit avan tèt la. Pitit ou a dwe manje yen nan maten ak midi nan tou tès yo.



**Lè nou travay ansanm, paran, pwofesè,
ak etidyan fè nou reyisi pi byen
nan lekòl nou yo.**

Glosè

Moun K ap Aprann Angle [English Language Learners (ELLs)]

Etidyan ki, paske yo te fèt yon lòt peyi oswa fanmi yo sot yon lòt kote, pale yon lòt lang epi ki swa konprann ak pale yon ti kras angle oswa pa pale angle ditou oswa pwen yo te pi ba pase nivo konpetans eta a nan Tès Angle Kòm Dezyèm Lang Eta a otorize a.

Repons Ekri Long

Yon kalite kesyon ouvè ki egzije etidyan yo ekri reponn ki pi long, tankou yon istwa oswa yon disètasyon.

Pwogram Edikasyon Endividyalize [Individualized Education Program (IEP)]

Yon plan edikasyon pou etidyan ki andikape yo. Yon IEP se yon modifikasyon nan nòm pwogram edikasyon an epi li gen ansèyman yo kreye espesyalman dapre bezwen inik akademik, sosyal, ak konpòtman etidyan an.

Kesyon Plizyè Chwa

Yon tès kote timoun nan chwazi, tan pou li ekri, yon repons. Yon etidyan chwazi bon repons la ant twa ak kat chwa.

New York State Learning Standards for English as a Second Language

Deskripsyon Eta a sou kapasite ak konpetans yon moun k ap aprann angle dwe demontre pou entegre li nan pwogram akademik an angle.

Kesyon Ouvè

Yon kesyon tès kote yon etidyan bay yon repons aloral oswa ekri tan pou li chwazi tan plizyè chwa ki deja sou papye a.

Repons Aloral

Yon kalite repons kesyon ouvè kote etidyan an bezwen pale pou reponn.

Repons Ekri Kout

Yon kalite kesyon ouvè ki egzije etidyan yo ekri reponn ki kout, tankou yon mo oswa yon fraz.


Egzanp Kesyon NYSESLAT

Egzanp sa yo montre kalite kesyon ki parèt nan tèks klas sizyèm ane ak kat tèks NYSESLAT la. Nou pran kesyon sa yo nan Liv Egzanp Tèks NYSESLAT Pou Etidyan an, yo kapab itilize nan klas yo avan yo pran tèks la li menm. Liv Egzanp Tèks NYSESLAT Pou Etidyan ak Endikasyon pou Administrasyon disponib sou entènèt la nan <http://www.p12.nysed.gov/assessment/nyseslat/>.

KLAS MATÈNÈL Koute

Examiner says: Listen to the question. Then circle the picture that answers the question.


Which picture shows a triangle? . . . Which picture shows a triangle?



KLAS MATÈNÈL Lekti

Examiner says: You are going to listen to a word. Find the letter that makes the *first* sound in the word. Circle the letter that makes the *first* sound.


Which letter makes the *first* sound in the word *jar*? . . . Which letter makes the *first* sound in the word *jar*?



KLAS 1–2 ANE Ekriti

Examiner says: Look at the picture. Listen to the word. Write the word on the line.


This is a picture of a fire. Write the word “fire” on the line.



KLAS 3-4 ANE Pale

Examiner says: Look at the words above the picture, and read them silently as I read them out loud. Then look at the picture and finish the sentence. Use the picture to choose your words.

The teacher asked Bao what the temperature was, so . . .




KLAS 3-4 ANE Koute

Examiner says: You will hear a brief story or conversation. Then you will hear a question. Find the picture that answers the question. Fill in the correct circle on your answer sheet.

After you hear what the history teacher said, I will ask you a question about what the class will learn today. Now listen.

“All week, we have been learning about important inventions. So far, we have studied inventions like the light bulb and the radio. Today, we will learn about how Alexander Graham Bell helped invent the first telephone.”

Which invention will the class learn about today?



DIRECTIONS

Read the passage. Then answer the questions

Changing Rocks

- 1 Rocks may seem as if they will never change. However, they are always changing. Every day, rocks are broken down by wind, heat, cold, flowing water, or ice. This process is called weathering.
- 2 Weathering happens slowly over time. But weathering eventually breaks rocks down into pieces. Some rock pieces are large, like boulders. Other pieces are small, like pebbles and sand.
- 3 These pieces, big and small, become the building blocks for new rocks. Wind and water move the rock pieces and deposit them in new places. Over time, layers of rock pile up. These layers get pressed together and harden to form new rock. The new rock is called sedimentary rock.

What is the main idea of paragraph 1?

- A** Wind breaks down rocks.
- B** Water moves rocks.
- C** Rocks change constantly.
- D** Weathering happens slowly.

According to the passage, what is true about sedimentary rock?

- A** It is not affected by heat.
- B** It is formed in layers.
- C** It is not affected by weathering.
- D** It is formed quickly.

KLAS 7-8 ANE Koute


Examiner says: You will hear a brief story or conversation. Then read the question and answers silently as I read them out loud. Fill in the correct circle on your answer sheet.

You will listen to a teacher talking. Now listen.

“Today we are going to discuss similes. A simile is a type of figurative language that compares two things. It uses the words ‘like’ or ‘as.’ I’m going to read aloud a paragraph from a personal narrative. Listen for similes, and write down any that you hear. Then, get in your groups and discuss what the writer means by these similes and whether you think his use of figurative language is effective or not.”

What will you do with your group?

- A. Copy figurative language
- B. Talk about similes
- C. Listen to a narrative
- D. Read a paragraph



What will you do with your group?

- A** Copy figurative language
- B** Talk about similes
- C** Listen to a narrative
- D** Read a paragraph

KLAS 7-8 ANE Ekriti

DIRECTIONS

Write a paragraph that describes what is happening in the picture. Include as many details as you can. Someone who reads your paragraph should be able to imagine the entire scene.

Before you start writing, look at the picture carefully and think about the following:

- What is the setting?
- Who is the person, and what is she doing?
- What might the person be thinking or feeling?



KLAS 9-12 ANE Pale

Examiner says: Look at the picture. Listen to the question about the picture. Then answer the question. Be sure to answer both parts of the question.

What is the man doing, and why do you think he is doing that?

What is the man doing, and why do you think he is doing that?



KLAS 9-12 ANE Ekriti

DIRECTIONS

Read the sentence and look at the underlined part. There may be a mistake. If you find a mistake, choose the correct answer. If there is no mistake, choose *Correct as is*.

The lava flew into the sky as the volcano erupted.

Which answer is correct?

- A** flown
- B** fly
- C** flying
- D** Correct as is

Pou Plis Enfòmasyon

Si ou vle konnen plis enfòmasyon espesifik ki gen pou wè ak Pwogram Tès NYSESLAT la, tanpri ale sou sit wèb sa yo:

Pwogram Egzamen NYSESLAT

<http://www.p12.nysed.gov/assessment/nyseslat/>

Biwo Evalyasyon Eta

<http://www.p12.nysed.gov/assessment/>

Enfòmasyon Jeneral sou Akomodasyon Nan Tès la Pou Etidyan ki Andikape

<http://www.p12.nysed.gov/specialed/publications/policy/testaccess/policyguide.htm>

Pou plis enfòmasyon, voye yon imèl bay New York State Education Department emscassessinfo@mail.nysed.gov.

Epi tou ou ka ekri nou:

New York State Education Department
Office of State Assessment
7th Floor EBA
89 Washington Avenue
Albany, NY 12234

Copyright © 2013 New York State Education Department.

Permission is hereby granted for all persons to reproduce this publication in quantities necessary for their personal or school use, but not for sale, provided copyright notices are retained as they appear in this publication.

Questar is a trademark, in the U.S. and/or other countries, of Questar Assessment, Inc. or its affiliate(s).

Portions of this work were previously published.

Printed in the United States of America.



QAI11539